

## АДÆЙМАГ ГЪÆУАМА Æ ФИДИБÆСТÆ БАГЪÆУАЙ КÆНУНМÆ РАЗÆНГАРД ЦÆТТÆ УА!..

***Иосиф СТАЛИН:** «Мах лæуд ан федуддзийнади фарс æма тох кæнæн сабурдзийнади гъуддаги сæрбæл. Сабурдзийнадæ ке фæндуй æма нæ хæццæ гъуддагон бастдзийнæдтæ аразунмæ ка тундзуй, е алкæддæр мах æрдигæй иссердзæнæй агъаз. Нæ бæстæмæ æрбалæборунмæ ка багъава – етæ ба иссердзæнæнцæ бæрзæйсæттæн нихкъуæрд...» Махмæ гæсгæ, аци загъд хъæбæр ахсгиаг æй абони дæр, не 'знæгтæ нæмæ аллирдигæй равзедæ-бавзедæ ку кæнунцæ, уæд...*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№1 (873) 2023 анзи 14 январь – æнсури мæйæ

Аргъ 1 туман


# ИРИСТОНИ ЗÆНХÆБÆЛ УÆЛАХЕЗ ИССÆЙ НÆ АДÆМÆН ЦИТГИН УÆЛАХЕЗМÆ РÆСТВÆНДАГГÆНÆГ!..








Цуппаринсæй анзей размæ, 1943 анзи фиццаг январи нæ республики сæйраг сахар Дзæуæгигъæуи арæзт æрцудæй берæдзиллон æмбурд, Цæгат Иристон немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй æнæгъæнæйдæр уæгъдæгонд ке æрцудæй, еци агъазиау цауи фæдбæл.

Куд зонæн, уотемæй 1942 анзи сæрди знаги æрдонгтæ æрбахъæрттæнцæ Цæгат Кавказмæ дæр, уомæ гæсгæ ба ами исæвзурдæй уæззау æма тæссаг уавæр. Тæссаг ба уавæр уомæй адтæй, æма знаг цийфæндийæй дæр архайдта Фæскавказмæ байервæзунбæл, уоми гъæздуг фæрæзнитæбæл фæххуæст унбæл. Уомæн неци хузи адтæй æруадзæн. Æма еци фудрæстæг, 1942 анзи 13 августи Дзæуæгигъæуи æрæмбурд æнцæ цæгат-кавказаг автономон республикити, уæдта Дони, Кубани, Терки, Сунжи цæрæг адæмихæттити æма Сурх Æфсади минæвæрттæ. Еци мадзал арæзт кæми æрцудæй, уоми фæстæдæр æвæрд æрцудæй сæрмагонд номерæн дор (уинетæ 'й мæнæ уæллаг къари).

Æмбурди ка адтæй, еци мингай адæймæгутæ Цæгат Кавкази дзиллити номæй знагбæл бахъоди кодтонцæ æма ибæл æлгъистаг игакæ бафтудтонцæ, се 'мзæнхонтæмæ фæдздзурдтонцæ, цæмæй, ке бон куд æй, уотемæй æгъатир тох исаразонцæ знаги нихмæ.

Сæ еци ардбахуæрд Цæгат Кавкази адæмтæ куд æнхæст кодтонцæ, уой туххæй минкъий финст не 'рцудæй уацта, киунугутæ, наукон куститæ... Мах газети дæр уой фæдбæл еудадзуг мухургонд цæунцæ аллихузон æрмæгутæ. Абони дæр бабæй уæхæн æрмæгутæй мухур кæнæн еу цалдæр (3-8-аг фæрстæбæл).

## НОМЕРÆН



### Иван ТЮЛЕНЕВ: «ИРИСТОÆНÆГТÆН СÆ БОН ÆЙ СÆРУСТУР УН!..»

Устур Фидибæстон тугъди анзфинсти 1942-1943 æнзтæ нимад æнцæ тæккæ уæззаудæртæбæл. Гитлеронтæ сæ бицъинæг æскъудтонцæ, цæмæй Сталинград байахæстайуонцæ, байервазхтайуонц Грозна æма Бакуй нефтмæ, æнæгъæнæ Кавкази дессаги æрдзæ æма æгæрон гъæздугдзийнæдтæмæ. Æма æ байсунæн æргъуди кодтонцæ сæрмагонд операци – «Эдельвейс». Æ исæнхæст кæнун ба бабарæ кодтонцæ, «А» ке худтонцæ, еци æфсæдти къуарæн, æ сæргъи фельдмаршæл Лист, уотемæй. Фæстæдæр уой раййивта инæлар-болкъон фон Клейст.

Цубурдзурдæй, Кавказ бахаудтæй мæлæтдзаг тæссаг уавæри. Æма Райгурæн бæстæ бардзурд равардта: знаги баурамун, æ тухтæ ин цлæмæгъ кæнун æма 'й уордигæй фæстæмæ ранхуæрсун. Æма еци бардзурд æнтæстгинæй æнхæстгонд æрцудæй! Знаг кæд цийфæнди хъаурæгин адтæй, уæддæр уомæй тухгиндæр разиндтæнцæ нæ советон адæмти æнсувæрон хæлардзийнадæ, Фидибæстæбæл еузæрдиуонддзийнадæ. Æма знагбæл фæуулахез æнцæ.

Иристойнæгтæн сæ бон æй сæрустур ун, цифуддæр знаги размæ сæ сæр ке не 'ркъолæ кодтонцæ, ардигæй, Дзæуæгигъæумæ æрбацæуæнтæй ке райдæдта æма, сауæнгæ Берлини уæнгæ ка нæбал банцадæй, не 'фсæдти еци размæмпурст...»

Еци уæззау рæстæгути æфсади инæлар Иван Тюленев адтæй Фæскавказаг фронти къамандæгæнæг. Æма уæди цаути æма хабæртти, знаги Сурх Æфсади, Цæгат Кавкази цæрæг адæмти уодуæлдай тохи туххæй бацæттæ кодта æ имисуйнæгти киунугæ «Крах операции «Эдельвейс», кæци 1988 анзи уагъд æрцудæй киунугæуадз «Ир»-и. Уомæй абони мухур кæнæн хецæн скъудздзаг (8-аг фарсбæл).



***Национ проект «Æнæнездзийнадæ»-мæ гæсгæ мадзæлттæ исаразуни нисанеуæгæй Цæгат Иристонæн дехгонд æрцудæй 500 миллион соми. Фæрæзнитæ харзгонд æрцæудзæнæнцæ аци къабази цалцæггæнæн куститæ æма гъæугæ ефтонггæрзтæ балхæнунæн. Зæрдæдарæн ес, æма уой фæрци нæмæ медицинон лæггæдти хуæрзгъæдæдзийнадæ зингæ фæххуæздæр уодзæнæй.***

## ХУÆРЗАУОДУНДЗИЙНАДÆ



Цæгат Иристони арæзт цæунцæ социалон паспорттæ, сæрмагонд операцити архайунмæ æрвист ка 'рцудæй, айдагъ уонæн нæ, фал уордæмæ барвæндонæй ка рандæй, уонæн дæр. Нæ республики фæллойнæ æма социалон райрæзти министр **Айдарти Алинæ** куд фегъосун кодта, утемæй нерæнгæ бал арæзт æрцудæй уæхæн 35 паспорти. Ахуради министрадæ ба байархайдта уонæй дууей кæстæр сувæллæнттæн гъомбæлгæнæн дзæхæрадони бунæттæ исамал кæнунбæл. Дууадæс бийнонти ба ракурдтонцæ, цæмæй син медицинон æгъдауæй агъазгонд æрцæуа.

Уой дæр ма зæгъун гъæуй, æма Цæгат Иристони цæргутæй евгъуд уолæфæн бæнтти телефонæй æрбадзурдтонцæ 262 адæймаги – зин социалон уавæрти ка бахаудтæй, уонæн фæййагъаз кæнуни фæдбæл.

## ФИНАНСТÆ



Нæуæг, 2023 анзæн Цæгат Иристони федаргонд æрцудæй 90 финансон бадзурди. Нæ республики экономикон райрæзти министр **Кучити Заур** куд фегъосун кодта, утемæй аци анз нæ регионæн агъази хузи гъæуама лæвæрд æрцæуа 28,5 миллиард соми. Уонæй 26 миллиард соми гъæуама радех кæна фæрæзнитæ федералон бюджет. Кучий-фурти радзубандимæ гæсгæ, куд нисангонд цæуй, утемæй аци анз гъæуама 157 арæзтади капиталон æгъдауæй кæронмæ исцæттæ уонцæ.

Нæ республики сæргълæууæг **Сергей Меняйло** министрти кабинетæн байхæс кодта, 2024 анзи ци арæзтæдтæ гъæуама æрцæуонцæ конд, уонæн цæмæй бацæттæ кæнонцæ еугур æнæмæнгæ гъæугæ гæгъæдитæ дæр националон проекттæ æма паддзахадон программити архайунæн.

## НÆ УОДВАРНОН БУНДОРТÆ



Цæгат Иристони паддзахадон университети уруссаг æма фæсарæйнаг литератури кафедри доцент **Оксанæ Кравчук** куд фегъосун кодта, утемæй Дигоргоми Мæхчески уæллæй Уæллаг æма Дæллаг Фæрæскъæтти рази цыртдзæвæнтæй еу нийхалдæй. Гæнæн ес, æма уони æ рæстæги исцæттæ кодта скульптор **Едзити Сослæнбег**. Цыртдзæвæнти бунмæ циртитæ нæййес. Цыртдзæвæнтæ арæзт æрцудæнцæ, ардигон адæймæгутæй æцæгæлон рауæнти ка рамардæй, уони рохс нæмттæ исæносон кæнуни туххæй.

– Æз ардигон ке нæ дæн, уомæ гæсгæ циртдзæвæнти туххæй бæлвурд хабæрттæ нæ зонун. Сæрмагонд номхигъдтæмæ æ рæстæги хаст ке нæ 'рцудæнцæ, уомæ гæсгæ историктæ дæр уони туххæй лæмбунæг хабæрттæ нæ зонунцæ, – загъта Оксанæ Кравчук.

## АХСГИАГ НÆУÆГДЗИЙНÆДТÆ

***2023 анзи январæй фæстæмæ уæрæсейæгти царди уавæртæ фæххуæздæр кæнуни фæдбæл ци закъонтæ æма уагæвæрдтитæ арæзт æрцæудзæнæй, уони туххæй игъосун кæнуй Паддзахадон Думæ.***

* * *

Фæллойни мизди тæккæ минкъийдæр нимæдзæ фæббæрзонддæр уодзæнæй 6,3 проценти æма исхъæртдзæнæй 16 242 сомемæ.

* * *

**Косгæ ци пенсионертæ нæбал кæнунцæ, уони пенси æрцæудзæнæй индексацигонд æма фæффулдæр уодзæнæй 4,8 процентей бæрцæ. Пенси цæйбæрцæ фæффулдæр уодзæнæй, уомæн ес æнцонтæй банимайæн. Нуртæккæ ци пенситæ есунцæ, уой рахатт кæнæ 1,048 сомебæл. Нæуæг индексацимæ гæсгæ пенсий бæрцæ тæккæ минкъийдæр исхъæртдзæнæй 12 363 сомемæ.**

* * *

1 январæй фæстæмæ сæ кусти мизд фæффулдæр уодзæнæй, нæуæг уæлæнхасæн æфтуйæгти фæрци медицинон косгутæн. Сæ миздбæл бафтуйдзæнæй районти сæйгæдæнттæ, уæдта «Тагъд агъази» къабази ка косуй райдайæн къæпхæни, уонæн. Сæ мизди фæффулдæрдзийнадæ комкоммæ баст уодзæнæй, косгутæй ка ци бунат ахæсса æма ци ихæстæ æнхæст кæна, уони хæццæ.

Зæгъæн, фиццаг звеной дохтирти миздбæл бафтуйдзæнæй 14,5 мин соми, «Тагъд агъази» къабази дохтиртæн ба – 11,5 мин соми. Фельдшертæ æма медицинон хуæртæн – 7 мин соми, кæстæр медицинон косгутæн ба – 4 мин соми.

* * *

**Универсалон агъази фæрæзнитæ фист цæудзæнæнцæ æнæуодбарæ мадтæлтæй 17 анзей бæрцæ æ сувæллæнттæбæл кæмæн цæуа, æма сæ царди уавæртæ хуæздæргъæуагæ кæмæн æнцæ, уонæн.**

**Уæхæн агъаз лæвæрд цæудзæнæй, Уæрæсей Федераций цæргутæй рæстæмбес нимадæй минкъийдæр кæмæн æнцæ æ материалон фæрæзнитæ, уæхæн адæмтæн. Еууагон агъаз цæмæй есун райдайай, уой туххæй гъæудзæнæй айдагъдæр курдиадæ бадæттун. Уæрæсей уæхæн агъаз фист цæудзæнæй 10 миллион адæймагемæн.**

* * *

Уæрæсей пенсион фонд еугонд æрцæудзæнæй нæ бæсти социалон фонди хæццæ. 2023 анзи райдайæнæй фæстæмæ Уæрæсей еци фонди фист нимæдзæ исхъæртдзæнæй 2,6 минемæ.

## СОЦИАЛОН-ЭКОНОМИКОН ИДАРДДÆРИ РАЙРÆЗТИ ГÆНÆНТÆ ÆМА РАВГИТÆ



# НÆУÆГ АНЗИ НÆУÆГ НИСАНТÆ НÆ ИХÆСГИН КÆНУНЦÆ ÆНТÆСТГИН КУСТÆЙ

Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйлой** разамундæй адтæй нæ республики Хецауади иуонгтæ æма районти разамонгути алликъуæреуон аппаратон æмбурд. Дзубанди си цудæй, нæ аллибони царди нуртæккæ ци райаразуйнаг фарстатæ ес, уони гъæугæ хузи райаразуни фæдбæл.

Фиццагидæр дзубанди цудæй уой фæдбæл, æма никки фулдæр æргом æздахун гъæуй адæми цардиуаги æдасдзийнади туххæй æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаг мадзæлттæ аразун. Аци фарста æй хъæбæр ахсгиаг. Гъулæггагæн, республики нæдтæбæл æрцудæй 43 фидбилизи, æртæ адæймаги си фæммард æнцæ, алли анхоссæгтæмæ гæсгæ æрцудæй 21 зингисервæзти, еу адæймаг си гъигæдард баййафта.

Иннæ ахсгиаг фарста – нури эпидемиологон уавæр. «Роспотребнадзор»-и цæгатиристойнаг управлений бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, грипп æма æндæр хуæцгæ незтæй сæйгити нимæдзæ берæ фæмминкъийдæр æй сувæллæнтти 'хсæн дæр.

Æмбурди дзубанди цудæй 2023 анзи кусти пъланбæл. Сæрмагонд æргом 'здæхт æрцудæй ахсгиаг социалон инфраструктури объектти арæзтадæмæ, бюджети уавæрмæ, бундорон арæзтадæмæ.

– Алли разамонæг дæр гъæуама нисангонд æмгъудтæй цалдæр ампъези раздæр цæуа, идардмæуинагæ æма арфгъудигæнагæ уа, уомæн æма, æ кусти ихæстæ рагацау ка æнхæст кæна, æнтæстдзийнадæ дæр уони къохи бафтуйдзæнæй, – загъта Сергей Меняйло.

Аци анз устур æргом здæхт цæудзæнæй автомобилон нæдти уавæрмæ, уæдта транспортæй ефтонгадæмæ. Республики Сæргълæууæги загъдмæ гæсгæ, районти хæццæ транспортон бастдзийнадæмæ уодзæнæй хецæн æркаст.

Хайон æфсæдтон фæдздзурдмæ гæсгæ Гæрзефтонг тухти рæнгъитæмæ ке байагурдтонцæ, уони бийнонтæн циуавæр агъаз лæвæрд цæуй, уой туххæй радзурдта республики фæллойнæ æма социалон ирæзти министр **Айдарти Алинæ**.

Дзубанди цудæй скъолати бундорон цалцæги, нæ республики автономий 100 анзей юбилеймæ цæттæдзийнади, Цæгат Кавкази кинохроники студи иснæуæг кæнуни, Дзæуæгигъæуи Дони станцæ æма Терки билгæрæнтти аййевгæнæн кустити æма æндæр фарстати фæдбæл. Куд амунд æрцудæй, утемæй Цæгат Иристони цæргутæн хецаудзийнади 'рдигæй зæрдæ æвæрд цæмæй æрцудæй, еугур еци гъуддæгутæ гъæуама æнхæстгонд æрцæуонцæ афойнадæбæл æма гъæугæ хузи.

Республики Сæргълæууæг районти разамонгутæн бафæдзахста, цæмæй адæми еунæг курдиадæ дæр æнæргъудийæй æма æнæдзуаппæй ма изайа, уæлдай лæмбунæг æргом æздахонцæ сахартæ æма гъæути санитарон уавæрмæ, цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради лæггæдтæн хъалонтæ афойнадæбæл æма æнхæстæй æмбурд кæнунмæ.

# ЦÆМÆЙ ÆГУСТ АДÆМИ НИМÆДЗÆ МИНКЪИЙДÆР УА...

2022 анзи дæргъи идарддæр æнхæстгонд цудæнцæ нисанмæарæзт паддзахадон программитæ æма национ проект «Демографи»-йи уагæвæрдтæ. Уони фæрци бæлвурд архайд цæуй æгуст адæми нимæдзæ фæмминкъийдæр кæнунбæл.

Уæхæн гъудий хæццæ радзубанди кодта Республикæ Цæгат Иристон-Аланий адæмæн куст дæттуни Комитети сæрдар **Плати Альбинæ**.



Комитети сæрдари игъосункæнуйнагмæ гæсгæ, Цæгат Иристони æгустдзийнади къæпхæн 2022 анзи кæронмæ хъæрттæй 1 процентмæ. Официалон æгъдауæй æгустити хигъди еци æмгъудмæ лæудтæй 3 173 адæймаги. Уæгъдæ косæн бунæтти номхигъди нуртæккæ ес 1345 вакансий (рæстæмбес нимадæй уонæн сæ мизд æй фæйнæ 20,8 мин сомей бæрцæ). Плати Альбинæ куд радзурдта, утемæй 2022 анзи дæргъи рæстæгмæ æма еудадзугон куст равардтонцæ 2 700 адæймагемæй фулдæремæн.

Уомæй уæлдай комитет æнгом бастдзийнадæ даруй, сæ кустадон архайд кæмæн фæкъкъулумпи æй æма сæ коллективи иуонгти еу хайæн æгустæй байзайунæй тæссаг кæмæн æй, еци компанити хæццæ дæр. Нигулæйнаг бæстити экономикон гæрæнти æууæлти архайгæй, хецауади оргæнти уæлæнхасæн агъази мадзæлттæ аразунцæ уæхæн компанитæн, цæмæй сæ косгути нимæдзæ багъæуай кæнонцæ. Уæхæн фадуæттæй испайда кодтонцæ 72 цæгат-иристойнаг кустдæттæги дæр. Амунд мадзæлтти фæрци 900 адæймагемæн гъæуайгонд æрцудæнцæ сæ кусти бунæттæ. Еци мадзæлттæбæл анзи дæргъи исхарз кодтонцæ 54,5 миллион сомей бæрцæ. Адæмæн куст дæттуни комитет æ архайди пайда кæнуй æндæр нисанмæарæзт программитæ æма проектти гæнæнтæй дæр.

1941 - 1945



Иван ТЮЛЕНЕВ (астæуæй)

# ИРИСТОНИ ЗÆНХÆБÆЛ ЗНАГИ ФУДВÆНИТÆ ФÆКЪКЪОТУР ÆНЦÆ

Гитлеронтæ гъавтонцæ Дон æма Кубани цæугæдæнтти ’хсæн советон æфсæдтæбæл æртухсун, æма сæ ниддæрæн кæнунмæ. Уой фæсте 17-аг будуйрон æфсад (12 дивизий!..), инæлар-болкъон Руофи разамундæй, гъæуама байахæстайуонцæ Новороссийск æма Туапсей районтæ, Сау денгизи еугур билгæрæнттæ æма уордигæй бампурстайуонцæ Фæскавказмæ. Еци-еу рæстæг немуцæгти фиццаг танкон æфсад ба бампурстайдæ хонсар-искæсæни ’рдæмæ, Терки билгæрæнттæбæл батудтайдæ махонти гъæуайкæнуйнадæ, байахæстайдæ Владикавказ, Грозна, Махачкала æма Баку. Уомæй уæлдай немуцæгти 49-аг хуæнхон-фестæг корпусæн бардзурд лæвæрд цудæй, цæмæй махонти карз цæф никкодтайдæ Черкесски райони, рахизтайдæ Кавкази Сæйраг рагъбæл, нимпурстайдæ Сухуммæ æма байагъаз кодтайдæ 17-аг æфсадæн Сау денгизи билгæрæнттæ байсуни гъуддаги.

* * *

Дууин æвдæймаг ноябри фарæстæймаг æфсади тугъдонтæ райдæдтонцæ æмпурсун Иристони устурдæр гъæутæй еу – Дигорамæ. Еци-еу рæстæги 3-аг топпæйæхсæг корпус хъазауатонæй бампурста Æрæдонмæ, дæсæймаг гвардион корпусæн ба Гъæдгæронмæ хæстæг знаги хæццæ байеудагъ æй тогкалæн тугъд. Æнцад нæ бадтæнцæ еуæндæсæймаг топпæйæхсæг корпуси тугъдонтæ дæр. Етæ агъазиау цæфтæ фæккодтонцæ знæгтæн Хæтæлдон æма Нæуæггæуи фарсмæ. Æртæ боней дæргъи тугъд карзæй-карздæр кодта. Фарæстæймаг æфсади галеу фарси тугъдонтæ тох исамадтонцæ знаги федæрттæ басæттунбæл, фал гъуддагæй неци уадæй. Знаг лæудтæй федар æма сæ еу къахдзæф дæр размæ нæ бауагъта.

Еуæндæсæймаг декабри Уæлдæр Сæйрагкомандæкæнуйнади Ставки инæлар И.И. Масленниковмæ фæдздзурдтонцæ: «Уæ районæй знаг е ’фсæддон тухти еу хай рарвиста Цæгатмæ æма дзæвгарæ фæллæмæгъдæр æй. Сталингради бунмæ ци уавæр исæвзурдæй, уомæй æнгъæлæн ес æма знаг идарддæр дæр е ’фсæдтæй рарветдзæнæй Цæгатмæ. Знаг Терки цæгатварсæрдæмæ ке æрлæудтæй, е æнæнгъæлæги цау нæй. Уомæ гæсгæ уе ’фсæдтæн хуарз фадуат фæцæй нимпурсунæн. Уæ ихæс æй – фадуатæй испайда кæнун, нифсгундæрæй архайун…»

Къæппæги бахаунæй тæрсгæй «А» æфсади къуари командæкæнуйнадæ æ тугъдонти кæнун райдæдта Æрæдонæй, Алагирæй æма Дигорайæй. Знаг исфæндæ кодта Елхоттæ æма Чиколай æхе æрфедар кæнун.

Не ’фсæдтæн ба аци хатт дæр нæ бантæстæй, нимпурсунмæ син ци фадуат фæцæй, уомæй испайда кæнун. Уомæ гæсгæ гитлеронтæн сæ къохи бафтудæй Иристони тугъдæй 23-аг танкити дивизи æма мотодивизи СС «Викинг» Сталингради тугъдмæ рарветун.

Зумæг куд хæстæг кодта, уотæ Кавкази хуæнхрæбун æрбунатгæнæг немуцаг æфсæддонтæ хъæбæрдæр тухсун байдæдтонцæ, Сау денгизи билгæрæнттæ, Грозна æма Бакуй нефтигуранæ байсунбæл нæ архайдтонцæ, фал æфсæн пецтæ æма кавказаг уæлдзарм ходтæ исамал кæнунбæл.

Орджоникидзей бунмæ тугъдтити син ку неци бантæстæй, Туапсей райони цалдæр хатти фæлварæнти сæ къохи ку неци бафтудæй, уæд гитлеронтæй Кавкази фронти ка архайдта, етæ арф уæрмитæ искъахтонцæ æма райдæдтонцæ тухгин федæрттæ аразун, цæмæй сæ зумæг æдухстæй рарветонцæ, уой тухæй. Еци рæстæг не ’фсæдтæн сæ хъаурæ кодта тухгиндæр æма нифсгундæрæй лæбурдтонцæ знагмæ.

Кавкази тох æнгом баст адтæй Сталингради тугъди хæццæ, Сталингради бæгъатæртæ гитлеронти тухтæ сайдтонцæ сæхемæ. Уотемæй ба еци тухтæ нивонд адтæнцæ Кавказ байахæссунæн. Фал еуæй-еу хатт уотæ рауайидæ: Волгæмæ æмпурсæг немуцæгтæ æнæгъæнæ дивизити фæззелиуонцæ Кавказ æрдæмæ.

Фашисттæ хъæбæр хуарз лæдæрдтæнцæ: Кавказ райсуни гъуддаги Терки алливарс районтæн устур ахедундзийнадæ ес. Сахар Малгобек есгæй нæ къохи бафтудæй, Гитлер 1942 анзи декабри ци бардзурд раварда, е. Еци бардзурди амудта, зæгъæ, Терки билгæрæнтти гъæутæ берæ ес, етæ æфсадæн зумæгеуæг кæнунæн хуарз удзæнæнцæ æма сæ цийфæндийæй дæр байахæссун гъæуй Кавказ уалдзæги æ уæргутæбæл æрлæуун кæнунæн.

Æма кæд Гитлерæн еци фæндитæ æ хъури фæббадтæнцæ, уæддæр ма Мæздæгмæ æмпурсæг фашисттæ гъæддух æма хъæбæр тæссаг адтæнцæ. 1942 анзи 22 декабри Уæлдæр Сæйрагкомандæкæнуйнади Ставки бардзурдмæ гæсгæ Цæгат Кавкази райдæдта не ’фсæдти тухгин нимпурст. Цæгат Иристони фиццагидæр знаги хæццæ хъазауатон тохи бацудæнцæ Фæскавкази фронти. Цæгат къуари 11-аг гвардий топпæйæхсæг корпуси æфсæддон хæйттæ инæлар-майор И.Л. Хижняки разамундæй.

– Райдæдта тæккæ тухстдæр рæстæг, – имисуй Иван Лукич Хижняк. – Е адтæй 22-аг декабри изæрæй дæс сахаттебæл. Мах райдæдтан æмпурсун размæ. Фиццаг æмпурста дæсæймаг гвардион бригадæ. Цудæй хонсарæрдигæй. Æма цубур æмгъудмæ Къодахджини гъæу райста.

Иннæ бунæтти знаг æхе æвдиста гъæддухæй. 23 декабри æнæгъæнæ æхсæвæ æма бонæ цудæй уæззау тох Рассвет байахæссунбæл. Аци минкъий гъæу уæд мах байахæссианæ, уæдта ’й немуц байсиуонцæ фæстæмæ. Тогкалæн тугъд истухгин æй Дзиуаригъæу байахæссунбæл дæр. Къодахджин нæ къохи ке бафтудæй, е нæбæл базуртæ сагъта æма нæ худта нæуæг уæлахезмæ.

Мæ командæгæнæн пунктмæ æнæсцохæй игъосун кодтонцæ тугъди хабæрттæ. Æнтæститæ нурма берæ нæ адтæнцæ, фал лæвардтонцæ нифс устур уæлахезтæн.

23 декабри изæрмæ тугъдæфхуæрд Рассвет бустæгидæр нæхе бакодтан. Е адтæй нихмæлæууæг знаги сæйраг цæг. Еци уæлахези хуæдфæсте знагæй ракæдзос кодтан Дзиуаригъæу, Хæтæлдон æма Нæуæггъæу».

1942 анзи 24 декабрьмæ Фæскавкази фронти Цæгат къуари æфсæддон хæйттæ дзæвгарæ рацудæнцæ нигулæнæрдæмæ æма еци бон хъазауатон тохи бацæугæй иссæребарæ кодтонцæ Гъæдгæрон, Суадаг, Берæгъзæнгæ, еци бон байеу æнцæ Алагир, Æрæдон æма Црау ка иссæребарæ кодта, Советон æфсади еци тугъдонти хæццæ.



24 декабри «Елхотти дуæрттæ» гъæуайгæнæг советон æфсæддон хæйттæ райдæдтонцæ æмпурсун æма изæрмæ знаги фæссурдтонцæ Елхоттæй. 24-26 декабри 11-аг Сурхтурусагин корпуси гвардионтæ знагæй исуæгъдæ кодтонцæ Синдзигъæу, Уорсдон, Дигора, Дур-Дур, Красногор, Мостиздæх æма Николаевски станицæ.

Тæккæ устурдæр тугъдтитæ райдæдтонцæ Сурх-Дигорæ æма Чиколай райони. Ами знаг архайдта еугур мадзæлттæй дæр нæ размæцуд бакъулумпи кæнунбæл, цæмæй цæугæдон Ирæфи билæбæл артагмæ ци танкитæ æма хуæдтолгитæ æнгъæлмæ кастæй, уони къæппæгæй фæййервæзун кодтайдæ. Мах зудтан, Сурх-Дигори рази знаг æхсæз фестæг батальони ке æрцæттæ кодта, уæдта танкити еу дивизийæй фулдæр тухтæ, цалдæр артиллерий æма фондз ба æхсæзхæтæлгин минæхсæн батарейи.

– 26 декабри, – финсуй æ тугъдон бонуги инæлар-лейтенант И.Л. Хижняк, – æз фæдздзурдтон 10-аг æма 57-аг бригæдти командиртæмæ. Цубур радзубандий сæ базонгæ кодтон, штаби ке бацæттæ кодтан, еци нимпурсти пълани хæццæ. Уæдта син равардтон тугъдон ихæс.

Армий командæгæнæг инæлар-майор К.А. Коротаев тагъд кодта мах Сурх-Дигорæ райсунбæл. Гъæу байахæссун фадуат лæвардта знагæн Чиколайæй цæгатæрдæмæ æ над ралух кæнунæн. Нæ корпуси фæстауæрцæгонд тухтæ фæуунмæ гъавтонцæ. Размæ ци æфсæддон хæйттæ æмпурстонцæ, етæ истухстæнцæ, ниффæлладæнцæ æнæнцойнæ тугъдтити æма син фадуат исаразун гъудæй бауолæфунæн, уонæй нæуæг къуæрттæ исаразунæн. Уомæ гæсгæ мах багъудæй еумæйаг тугъдон фæткæ фехалун – тохмæ багæлстан фæстауæрцæгонд фæстаг тухтæ. Е адтæй æгæр нифсхаст миуæ. Фал æз мæ зæрдæ дардтон гъуддаг ке фæррæстмæ уодзæнæй, уобæл. Уомæн æма не ’знагæн дæр æ тухтæ нæ нихмæ тохгæй фехсудæнцæ. Еу-дууæ тухгин нимпурсти, æма уæлахез æй мах…

Мах æвддæсæймаг нимпурстæй знаги Сурх-Дигорæй ледзæг фæккодтан æма гъæуи æрфедар ан. Еу æнтæстæй цудан иннемæ. 1 январи 1943 анзи инæлар Василий Фадейи фурт Сергацкови æфсæддон хæйттæ, Ефим Степани фурт Терешкови æма Степан Макари фурт Черныйи бригадити гвардионтæ байахæстонцæ Чикола.

Нæ сапертæ Сурх-Дигорæмæ надбæл фехалдтонцæ дууинсæй мин мини. Сурх-Дигори тугъди не ’фсæддон хæйттæбæл устур фидбилизтæ æрцудæй. Фал си знаг дæр берæ зиантæ æрхаста. Тугъди будури ниууагъта 24 танки, 39 хуæдтолги æма æ салдæттæ æма афицертæй берети. Мах нæбал дзордзинан, советон уаз (святой) зæнхæн æ кæцидæр хай фашисттæй ке исуæгъдæ кодтан, уобæл.

***Гвардий политрук ГАССИТИ Андрей тохæг æфсадæй финста: «Цæгат Кавкази адæмти минæвæрттæ сæ еумæйаг æмбурди ци фæдздзурд исфедар кодтонцæ, е бæлвурдæй равдиста нæ фидтæлти бæгъатæрдзийнади традицитæ нерæнгæ дæр ма ке цæрунцæ кавказæгти зунди æма зæрдити.***






# ЛÆГДЗИЙНАДÆ КУ БАГЪУДÆЙ...

***Абони ба мухур кæнæн Цæгат Иристони зæнхæбæл знаги нихмæ тугъдтити архайгутæ, 11-аг гвардион фестæг æфсæддон корпуси политхайади раздæри хецау, отставки болкъон Леонид ЛУКОНИНИ æма 2-аг гвардион фестæг æфсæддон дивизий автоматчикти взводи командири раздæри агъазгæнæг, отставки болкъон Михаил МАНУКОВСКИЙИ имисуйнæгтæ. Æрмæг кæд хъæбæр раги (1978 анзи райдайæни) финст æрцудæй, уæддæр æримисуни аккаг æй...***

Зундгонд куд æй, уотемæй Кавказбæл тох райдæдта 1942 анзи июли кæрони. Сталинградi устур тохи хæццæ еу рæстæг. Мах æфсæдтæй фулдæр угæй, немуцаг æрдонгтæ æрбампурстонцæ Кавказмæ, Кубань æма Цæгат Кавказ байсуни æма Фæскавказмæ рампурсуни нисани хæццæ. Знагæн æ бон бацæй цубур рæстæгмæ Краснодар, Майкоп, Минеральные Воды, Пятигорск, Прохладный æма Мæздæг байсун. Сентябри фиццаг бæнтти ма ин бантæстæй Сæйраг Кавкази хуæнхтæбæл ахсгиагдæр æфцæгутæ байсун. Тæссаг адтæй, знаг Орджоникидзе, Грозна, Сухум æма Кутаисимæ æвеппайди ку бампурса, уомæй.

Немуцаг-фашистон æфсæдтæ фулдæр ке адтæнцæ, уомæ гæсгæ мах æфсæдти багъудæй фæстæмæ рандæун. Уæззау уавæр исæвзурдæй Цæгат Кавкази. Уомæ гæсгæ 1942 анзи 8 августи арæзт æрцудæй Фæскавкази фронти æфсæдти цæгаттаг къуар – (æ командæгæнæг инæлар-майор И.Масленников). Тагъд арæзт цудæнцæ федæрттæ Орджоникидзе æма Грознай алфамбулай. Сæйраг командæгæнæг И.В. Сталин бардзурд равардта: «Идарддæр фæстæмæ цæун æй хе æма уой хæццæ нæ Райгурæн бæстæ бабун кæнун. Уæлдæр командæкæнуйнади æнæ бардзурдæй фæстæмæ еу ампъез дæр – нæбал. Уæхæн æй нæ райгурæн бæсти бардзурд».

Сентябри фæстаг бæнтти ’знаги æфсæдтæ аллирауæнти дæр уорæд æрцудæнцæ. Мæздæг, Малгобек æма Елхотти фарсмæ æ къохи уæлахез ку нæ бафтудæй, уæд немуцаг æфсæдти командæкæнуйнадæ исфæндæ кодта Орджоникидзе байсун æма идарддæр Грозна æма Бакумæ, Арви комбæл Тбилисимæ æрбампурсун. Фæскавкази фронти командæкæнуйнадæ æвæстеуатæй мадзæлттæ исаразта Орджоникидзе багъæуай кæнунæн. Ардæмæ никки æрвист æрцудæнцæ 10-аг æма 3-аг фестæг æфсæддон корпустæ (сæ командиртæ П.Ловягин æма Г. Перекрестов) æма 10-аг гвардион фестæг æфсæддон корпус (æ командир болкъон И. Севастьянов), аци корпус гъæуай кодта Грозна. Орджоникидзе æма Арви коми над гъæуай кодтонцæ НКВД-й æма 276-аг дивизитæ æма æндæр æфсæдтæ. Аци фестæг æфсæдтæн агъаз кодтонцæ артиллерий æма минометти æфсæддон хæйттæ æма 4-аг Уæлдæфон æфсад. Сахар багъæуай кæнунæн разамунд лæвардта Орджоникидзей (Владикавкази) гъæуайкæнуйнадон комитет.

Сахари алливарс берæ рауæнти арæзт æрцудæнцæ федæрттæ. Партий обком æма республики Адæмон Комиссарти Совет фæдздзурдтонцæ сахари еугур цæргутæмæ: «Рамæлдзинан, фал знаги не ’рбауадздзинан!» Сахар никки гъæуай кодтонцæ ополченецтæ æма дæрæнгæнæг батальонтæ.

1942 анзи 13 августи сахар Орджоникидзей æнсувæрон цирти рази адтæй Цæгат Кавкази адæмти антифашистон митинг. Уоми ка адтæй, етæ ард бахуардтонцæ знаги ниддæрæн кæнунæн сæ еугур хъауритæ раттуни туххæй. Ци седт исфедар кодтонцæ, уоми загъд ес: «Уадзæ, æма Цæгат Кавкази лигъз будуртæ æма Кавкази хуæнхтæмæ бацæуæнтæ исуонцæ немуцаг-фашистон тухгæнгути цирт».

1 ноябри знаг байахæста Алагир æма æ них исаразта Орджоникидземæ. 2 ноябри Гизæл дæр бахаудтæй немуцаг оккупантти къохмæ. 3 ноябри æрбахъæрттæнцæ сахари размæ, фал уорæд æрцудæнцæ. 3 ноябри ÆК (б) П-й обком æма Адæмон Комиссарти Совет фæдздзурдтонцæ Цæгат Иристони еугур фæллойнæгæнгутæмæ. Уоми загъд адтæй: «...Немуцæгтæ рæстæгмæ ке байахæстонцæ, еци гъæути цæргутæ, ма æнхæст кæнетæ фашистон оккупантти унаффитæ æма мадзæлттæ. Ма син дæттетæ дзоли къæбæр дæр, фид, сойнæ, цъопп, гъар дзаумæуттæ. Уæ цийййес æнæфсес æстъегъгутæй римæхсетæ, уæ бон баримæхсун ци нæ уа, уой ба пурхæ кæнетæ, æгириддæр маци дæттетæ немуцæгтæн. Иристони фурттæ æма кизгуттæ! Цотæ партизанти къуæрттæмæ, уæ къохтæмæ райсетæ тохæнгарз æма æгъатирæй дæрæн кæнетæ немуцаг тухæгæнгути...

Республики еугур хъауритæ дæр – æнæуинон знаги ниддæрæн кæнунмæ! Нæ хæццæ æй нæ намусгин Райгурæн бæстæ – е нин байагъаз кæндзæнæй. Мах хæццæ еумæ знаги нихмæ тох кæнунцæ Кавкази адæмтæ. Бæгъатæр æма нифсгун уæн тохи, знаги хæццæ ба – æгъатир!»

6 ноябри не ’фсæдтæ нимпурстонцæ знагбæл. Никки карздæр тугъдтитæ ба цудæй 7 ноябри. Гизæли тугъд уæлахезæй рахецæн æй 11 ноябри. Дæрæнгонд æрцудæнцæ знаги 13-аг танкити дивизи, полк «Бранденбург», 45-аг велобатальон, 1-аг фестæг æфсади 7-аг саперти батальон æма 336-аг хецæн батальон. Устур зиантæ æрцудæй знаги 23-аг танкити дивизибæл, 2-аг румынаг дивизибæл æма æндæр æфсæддон хæйттæбæл.

Не ’фсæдтæ байстонцæ 140 танки, бронемашини, 70 аллихузон дзармадзани, 95 миномети, 183 мотоцикли, миллион гилдзи, тугъдон æрмæги æма хуаллаги 3 скълади æма æндæр трофейтæ. Тугъди

## ЦÆГАТ ИРИСТОНИ ЗÆНХÆБÆЛ ТУГЪДОН НАМУСИ ÆВДЕСÆНТÆ



**Устур Фидибæстон тугъди рæстæг Цæгат Иристони зæнхæбæл немуцаг-фашистон æрбалæборæг æрдонгти нихмæ тугъдтити советон тугъдонтæ ци агъазиау бæгъатæрдзийнадæ бавдистонцæ, е нæ республики аллирауæнти æносонгонд æрцудæй, кадæ æма номерæни цуртдзæвæнтæй. Уонæн сæ агъазиаутæй иссæй, «Барбашови будур», зæгъгæ, ке хонунцæ, еци мемориалон комплекс.**

***Еци фæдздзурд разæнгард кæнуй мах, Сурх Æфсади тугъдонти, æнæуинон знаги нихмæ никки нифсгундæрæй цæунмæ. Æз ме 'мзæнхонтæн, Цæгат Иристони фæллойнæгæнгутæн дзурд дæттун: знæгти нихмæ уотæ тох кæндзæнан, цæмæй, ци гæнæн уа, уомæй си фулдæр ниццæгъдон...»***

будури знагæй байзадæй 5000 салдат æма афицерæй фулдæр. Уомæй берæ фулдæр ба фæцæнцæ цæфтæ.

Сахар Орджоникидзе багъæуай кæнунбæл æ еугур хъауритæ нæ байаурста сахари партион организаци. Е адæми, хуæдæфсæддонти, дæрæнгæнæг батальонти æхсæн бакодта устур организаторон æма политикон куст. Коммунисттæ сахари фæллойнæгæнгути исистун кодтонцæ гъæуайкæнуйнадон федæрттæ исаразунмæ. Етæ алцидæр исаразтонцæ, сахари революцион æгъдау цæмæй уа, уой туххæй. Фронт кæд сахарæй идард нæ адтæй, уæддæр промышленнон кустуæттæ æнæкъулумпийæй тохæг æфсæдтæн исаразтонцæ дзармадзани нæмгутæ, минитæ æма минометтæ, гранаттæ, бæхгин æфсæдтæн тохæнгæрзтæ.

Фронтæн активон агъаз ке бакодта, уой туххæй завод «Электроцинк»-æн 1942 анзи равардтонцæ Фæллойнадон Сурх Турусай орден. С.М. Кирови номбæл вагæнттæцалцæггæнæн заводи коллектив ба исаразта æма æфсæддон хаййæн равардта бронепоезд «Владикавказ».

Лозунг «Алцидæр фронтæн, алцидæр уæлахезæн!» нæ бæсти еугур адæмæн куд адтæй, уотæ Цæгат Иристони фæллойнæгæнгутæн дæр тугъди райдайæнæй æ фæуунмæ адтæй сæ царди æма тохи федар æгъдау.

1942 анзи октябри фæстаг æма ноябри фиццаг бæнтти, сахар Орджоникидзей уавæр уæлдай карздæр ку фæцæй, уæд партион косгутæ, пропагандисттæ æма агитатортæ амудтонцæ Советон Информбюрой сводкитæ, кустуæтти, æмдзæрæнти æма косæндæнтти араztонцæ докладтæ æма беседитæ, большевикон разæнгардгæнæг дзурд хастонцæ дзиллитæмæ, адæми разæнгард кодтонцæ бæгъатæр фæллойнæмæ.

Республики партион организаци тугъди уæззау бæнтти æхе равдиста нæ партий Центрон Комитети алфамбулай æнгомæй, еузæрдиуонæй.

Сахар Орджоникидзей рази тугъдтити немуцаг-фашистон æрдонгти хæццæ бæгъатæрæй тох кодтонцæ нæ бæсти берæ нацити æма адæмихæттити минæвæрттæ: уруссæгтæ, ирæнттæ, украинæгтæ, белоруссæгтæ, гурдзиæгтæ, сомехæгтæ, азербайджайнæгтæ, цæцæйнæгтæ, мæхъæлæнттæ, кæсгæнттæ, балхъайрæгтæ, узбектæ, тæтæйрæгтæ, башкиртæ, черкестæ æма æндæр адæмтæ.

Устур лæгдзийнадæ равдистонцæ Хъаспий тугъдон-денгизон училищей курсанттæ – етæ гъæуай кодтонцæ Суаргоммæ бацæуæнтæ. 34-аг хецæн фестæг æфсади бригади уогæй, хъаспийаг моряктæ æрæхгæдтонцæ, Арви коммæ ка æмпурста, еци полк «Бранденбурги» над.

Майрæмадаги тугъдтити денгизон курсантти взвод 19 боней дæргъи нихкъуæрд лæвардта дæс хатти хъаурæгиндæр знæгти нимпурститæн, коммæ сæ нæ бауагъта. Еци бæнтти фескъуæлхтæнцæ курсанттæ Л.Андреев, М.Хесин, Б. Трифонов, Цомайти В. æма æндæртæ.



Бæгъатæрдзийнадæ равдиста сержант Н.Гогичашвили. Е пулеметæй ниццагъта фашистти салдæттæ æма афицертæ сæдемæй фулдæр. Еци тугъдон æскъуæлхти туххæй ин лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном.

Æнæмбал лæгдзийнадæ равдистонцæ Украини бæгъатæр игурдтæ – дзармадзанæй æхсгутæ æнсувæртæ Дмитрий æма Иван Остапенкотæ: 7 ноябри Гизæлмæ хæстæг етæ басугътонцæ немуцæгти 20 танки – Дмитрий æртиндæс, Иван – авд. Еци тугъди туххæй Дмитрийæн лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном, Иванæн исаккаг кодтонцæ Ленини орден.

Отделений командир фæскомцæдесон Петр Барбашов е 'фсæддон хаййæн размæ рандæуни фадуат раттуни туххæй æ реуæй нихгæдта знаги федарæй пулеметæй æхсæн дзот. Еци бæгъатæрдзийнади туххæй Барбашовæн лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном. Æ ном хæссуй абони сахар Дзæуæгигъæуи 30-аг скъола æма еу гъæунгæ. Алагирмæ хæстæг тугъдтити фескъуæлхтæй кæстæр лейтенант Петр Гужвин. 1942 анзи 21 ноябри еу бæрзонд байахæссунбæл тугъди рæстæг е дæр æ реуæй нихгæдта фашистти пулемет. Е 'мбæлттæ нимпурстонцæ æма байахæстонцæ бæрзæндæ. Петр Гужвинæн æ фæсмæрдæ лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном.

Æндиудæй тухтæй политруки хуæдæййевæг Аркадий Климашевский. Е мæлæтæй тæссаг рæстæги æхе фæккодта полкки комиссари разæй знаги нæмуги нихмæ æма æ царди аргъæй багъæуай кодта комиссари.

Иристони зæнхæбæл тугъдтити бæгъатæрдзийнадæ равдистонцæ черкесаг Адамир Ачмизов, азербайджайнаг Идрис Сулейманов, кæцимæн æ рамæлæти фæсте лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном.

Сæхе бæгъатæр тугъдонтæй равдистонцæ узбекаг И.Мирзаев æма ирон Хъалтурати Е., кæци еу нимпурсти рамардта 18 гитлерони.

Цæгат Иристони медгъуддæгти оргæнти æма милиций косгутæ дæр еу æма дууæ хатти нæ равдистонцæ лæгдзийнадæ. Сæ еу хай тох кодта фронтти, партизати къуæртти æма дæрæнгæнæг батальонти. Знаги авиаций нимпурстити рæстæги милиций косгутæ фиццаг балæууиуонцæ, бомбитæ кæми æрхауидæ, уоми. Милиций косгутæй беретæн лæвæрд æрцудæй паддзахадон хуæрзеугутæ.

Орджоникидзей фарсмæ уæлахез тугъди фæсте не 'фсæдтæ Иристонæй сорун байдæдтонцæ немуцаг фашистти. 1942 анзи декабри уæгъдæгонд æрцудæнцæ Гъæдгæрон, Æрæдон, Нæуæггъæу, Алагир, Киристонгъæу (сахар Дигора), Хъарман-Синдзигъæу, Дур-Дур.

Дигори æма Ирæфи районти хуæнхрæбунти мах 2-аг гвардион æма 295-аг дивизитæ, 37-аг Æфсади æндæр хæйттæ дæрæн кодтонцæ сæ нихмæлæууæг гитлерон æрдонгти тугъдонти æма техникæ. Æма 1943 анзи январи фиццаг бæнтти ци тухгин размæмпурст исараztонцæ, уой нихмæ знаги бон неци иссæй исаразун æма цъамар немуцагфашистон æрбалæборгутæй исуæгъдæ кодтонцæ Хæзнидон, Æхсæрисæр, Толдзгун, Чикола æма Лескен. Уой фæсте ба – Змейкæ æма Елхоттæ, æртиккаг январи – Мæздæг.

Знагæй уæгъдæгонд ка 'рцудæй, еци адæм хъæбæр цийнæгæнгæй æмбалдæнцæ сæ иссæребарæгæнгутæбæл. Цæгат Иристон знагæй уæгъдæгонд ке 'рцудæй, уой фæдбæл æ сæйраг сахар Орджоникидзей Сæребари фæзи адтæй Ири фæллойнæгæнгути берæминон митинг.

Кавказ багъæуай кæнуни тугъдтитæ цудæнцæ, Сталингради карз тугъдтити хæццæ еумæ баст уогæй. Волги билæбæл тох хъæбæр устур пайдайаг ахедундзийнади хузи фæззиндтæй, знаг Кавкази дæрæнгонд ке 'рцудæй, уобæл.

Сурх Æфсад æ агъазиау уæлахезтæй фæппурхæ кодта немуцаг-фашистон æфсæдти командæкæнуйнади фæндитæ грознайаг æма бакуйаг нефти игурæнтæ байсуни туххæй. Сæйраг кавказаг хуæнхрæбунтæ иссæнцæ, гитлеронти авантюристон пълан «Эдельвейс» кæми фæкъкъех æй, еци историон бунат.

Немуцаг-фашистон оккупанттæ Кавкази дæрæнгонд ке 'рцудæнцæ, уой фæдбæл наукон æма историографион кустити хумæтæги нæ цæуй амундгонд, гъома, 1942 анзи июли кæрони ка райдæдта æма фæззæгмæ еугур хъауритæ ка раурух æй, Кавказбæл еци тугъдтитæ æнцæ Устур Фидибæстон тугъди агъазиаудæр цаутæй еу...

## ЦÆГАТ ИРИСТОНИ ЗÆНХÆБÆЛ ТУГЪДОН НАМУСИ ÆВДЕСÆНТÆ









1941 - 1945

***Дзæуæгигъæуи рæбун 1942 анзи тугъдтити рæстæг 34 мин дзæуæгигъæуккаги синхаг гъæути цæргути хæццæ цубур рæстæгмæ исаразтонцæ гъæуайкæнуйнадон фæрæзнити 18 ханхи, 5 аэродроми. Августи-октябри барæвдзæ кодтонцæ 1946 доти æма дзоти, 617 игон минæхсæн æма артиллерион фæзи, æрæвардтонцæ 1966 бронеколпакки,***



# ЕЦИ ХЪАЗАУАТОН БÆНТТИ ЦАУТÆН ФЕРОНХГÆНÆН НÆЙЙЕС...



**МÆРЗОЙТИ Сергей (1927-2009)**

Фидибæсти Устур тугъд ку фæцæй, уæдæй нурмæ рацудæй æноси æмбесæй фулдæр. Финст ибæл æрцудæй берæ романтæ, повесттæ, поэмитæ, æмдзæвгитæ, очерктæ, æма æндæр уацтæ.

Фал уæддæр анзæй-анзмæ раргом унцæ æма райгъусунцæ еци рæстæги берæ нæуæг хабæрттæ æма цаутæ. Еци хабæрттæй æма цаутæй æз дæр минкъий нæ фæууидтон мæхе цæститæй, фегъустон сæ, тугъдæй уæлахези хæццæ ка исæздахтæй, еци бæгъатæртæй дæр.

1942 анзи августи райдайæни немуцаг фашисттæ сæ них Сталинградмæ ку исаразтонцæ, уæд си нæ феронх æй Кавказ дæр. Еци-еу рæстæги бурстонцæ уордæмæ дæр, устур тухтæ æмбурд кæнгæй, æма байстонцæ Майкоп, Краснодар, Пятигорск, Прохладный æма æндæр кавказаг горæттæ.

Иристони зæнхæмæ фашисттæ æрбахъæрттæнцæ еци анз октябри фæстаг бæнтти. Немуцаг æфсæдтæ æрбахизтæнцæ цæугæдон Ирæфи сæрти æма байахæстонцæ Чикола æма Ирæфи райони æндæр гъæутæ.

Не 'фсæдтæй еу хай байзадæй Лескени гъæуи хонсар-скæсæн хаййи гъæдрæбунти. Уæд сæмæ Цæллати Фæрдуг – райони гъæууон хæдзаради разамонгутæй еу – æма Лескени хестæртæ фæххабар кодтонцæ, къæппæги ке бахаудтæнцæ, уой. Нæдтæ Дигоргоммæ æхгæд æрцудæнцæ, хуæнхти сæрти, æфцæгутæбæл ба машинттæ æма тугъдон техникæ нæ ракæндзинайтæ, зæгъгæ.

– Мадта ци бакиндæуа?– бафарстонцæ æфсæддон хаййи командиртæ.

– Хуæнхрæбунти гъæди хурфи лæгæрдгæ, æндæр хуасæ нæййес, – равардтонцæ син дзуапп, æма син сæхуæдтæ исæнцæ надамонæг.

Берæ гъезæмæртти фæсте, бунæттон адæми фæрци сурхæфсæддонтæ коммæ байервазтæнцæ.

Фал немуц базудтонцæ, Æхсинтти хеди сæрти ке фæххезунцæ, уой æма Секери сæри бæрзондæй дзармадзантæй æхсун байдæдтонцæ хед. Арф коми сæрти ауиндзгæ хедæн æ дууæ кæронеми дæр лæудтæй дууæ устур тæрсæ бæласи æма сæбæл дзармадзанти нæмгутæ исæмбалдæнцæ, сæ тæккæ астæути сæ рахаун кодтонцæ. Фал хед æхуæдæг æнæгъæнæй байзадæй.

Иннæ хабар. 37-аг æфсади тугъдонтæ бахаудтæнцæ хъæбæр зин уавæри. Къуæрттæй цудæнцæ гъæдтæ æма къотæрти астæути, Ирæфи дони сæрти бахезиуонцæ æма кæрæдзей агурдтонцæ. Æфсади штаб æрбунат кодта хуæнхрæбун минкъий гъæу Кæлухи, 242-аг топпæйæхсæг дивизий штаб ба (æ хецау болкъон Свиридов) – Æхсæрисæри гъæууон клуби бæстихаййи.

Свиридов нин куд радзурдта, уотемæй немуц нæ зудтонцæ, æ дивизи кæми æрбунат кодта, уой, æма 'й агурдтонцæ.

Еу бон дивизимæ фæззиндтæй æригон кæстæр лейтенант, загъта, ме 'мбæлттæй фæххецæн дæн æма сæ нæбал ерун, уæдта, дан, хъæбæр исæстонг дæн.

Хецау фæдздзурдта хуæруйнаггæнæгмæ, ести ин бахуæрун кæнæ, зæгъгæ.

Е ин хуæруйнаг æрæвардта. «Иуазæг» еу къелабæл æрбадтæй, æ фарсмæ иннебæл æрæвардта æ автомат. Автоматæн æ ронæ адтæй нæуæг æма рæсугъд гæрзæй. Хуæруйнаггæнæги зæрдæ имæ фæддздзурдта, фæссек ибæл æй: махæн гъæдтæ æма хъамилти цæугæй нæ уæледарæс æма автоматти рæнттæ ку бафехсудæнцæ, уæд айæ ба?.. Æ гъуди загъта штаби хецауæн æма «иуазæги» æрахæстонцæ. Е разиндтæй немуцаг шпион, революций рæстæги Германимæ ка фæллигъдæй, уæхæн уорсгвардиони фурт. Шпиони байагурдтонцæ Мæскуйæй, зудтонцæ 'й хабарæй æма сæ æхсицгæ гъудæй. Хуæруйнаггæнæгæн ба исаккаг кодтонцæ Сурх Стъалуй орден.

Аци дивизий адтæнцæ Советон Цæдеси Бæгъатæр чиколайаг Махъоти Алихан, алагираг Басити Семени фурт Ислам, Джиоти Никъала æма ма берæ æндæр иристойнæгтæ.

Махъой-фурт ами ци къотæр æма къахнад нæ зудта, уæхæн нæ адтæй. Æхсærисæр Чиколайæй еугурæй дæс километри идарддæр адтæй. Æмæхгæд адтæй гъæдæй. Æ сабийбонти си ци къум нæ басгарста æхсæрдзауæн æма нинæгъдзауæни, уæхæн нæ адтæй. Уомæ гæсгæ Алихан дивизий штабæн адтæй хуæдравзургæ сугъзæринау. Æ уæле искæнидæ хумæтæг зæнхкосæги дарæс, æ бецъотæ рауагъта, æ сæрбæл фусдзармæй ходæ арф æркæнидæ, уотемæй Чиколай балæууидæ. Ами Германимæ фæлледзæг Хъубадти рагон гъæздугутæй еу лæг ахид фæззиннидæ, адæми æрæмбурд кæнидæ æма син дзурдта, цæмæй немуцæн агъаз кæнонцæ, амононцæ партизантæ æма партион активистти хæдзæрттæ содзунмæ, сæ бийнонти ба ахæссунмæ, фал си, раст зæгъгæй, берæ пайдатæ не 'ссирдта.

Алихан дæр бацæуидæ еци æмбурдтæмæ. Лæмбунæг имæ фегъосидæ, уæдта си хатдзæгтæ искæнидæ. Базудта, немуцаг комендатурæ астæуккаг скъолай азгъунсти ке æрбунат кодта, уой... Адтæй си берæ æфсæддонтæ, æ тургъи ба – тугъдон техникæ, сауæнгæ ма бæхтæ дæр.

Фæстæмæ раздæхгæй, штаби ракæнидæ æ хабæрттæ. Еу бон цалдæр æмбалей хæццæ рараст æй Чиколамæ «æвзаг» агорæг. Сæхебæл æризæр кодтонцæ гъæумæ хæстæг Елхъæбанти гъæди хæдзаради. Ку фæтталингæ 'й, уæд рандæ 'нцæ сæ нисан æнхæст кæнунмæ. Скъола адтæй гъæугæрон, нигулæнæрдигæй. Гъæунгти цæун сæ нæ гъудæй, куйти рæйунæй дæр тæссаг нæ адтæй. Сæхе баримахстонцæ дзæхæрай. Фæсæмбесæхсæвæ еу немуцаг рацудæй æхе гъудий æма 'й уайтæккæ райахæстонцæ. Сæумæраги æй балæууун кодтонцæ Æхсæрисæри дивизий штаби.

Фал еу хатт сæ гъуддаг нæ фæррæстмæ 'й. Уацайраг бæргæ æрахæстонцæ, фал син надбæл рамардæй. Æ гъæлæси ин тагъд-тагъдæй æгæр устур хæцъелæ бацавтонцæ æма фенод æй. Аци хабар мин Алихан æхуæдæг ракодта.

Тугъди фæсте Уæлахези 25-аг анзей бæрæгбонмæ Ирæфи районмæ идард Узбекистанæй иссудæй отставки дæлболкъон, æ ном ми феронх æй, фал æ муггаг ба цума Рахимов адтæй. Е дæр тухтæй Иристони зæнхæбæл фашистон æрдонгти нихмæ. Иуазæгæн ци æмбæлуй, уæхæн æгъдæуттæ ин искодтан. Фæндадтæй æй Лескени, Хæзнидони, хъæбæрдæр ба Секери гъæути цæргути хæццæ фембæлун, фæууинун, 1942 анзи кæми тухтæй, еци гъæути циуавæр æййивддзийнæдтæ æрцудæй, уони. Еу хатт, загъта е, командир кæмæн адтæн, еци тугъдон дæлкъуари хæццæ баунаффæ кодтан, Секери гъæуи ка æрбунат кодта, еци немуцæгти «рабæрæг» кæнун. Етæ ами дæр берæ фудмиутæ бакодтонцæ адæмæн. Фехалдтонцæ син сæ еумæйаг хæдзарадæ, давтонцæ фонс, хæдзæртти маргъ нæбал ниууагътонцæ.

Аци хабар æрцудæй Сурх-Дигори. 11-аг корпуси командир инæлар И.Л. Хижняк куд байамудта, уотемæй Сурх-Дигори ци тугъдтитæ цудæй немуцæгти нихмæ, етæ адтæнцæ Иристони зæнхæбæл тæккæ карздæртæй. Гъæу аст хатти цудæй еуети къохæй иннетæмæ. Еууæхæни немуцæгтæ æвеппайди бампурстонцæ гъæумæ. Байеудагъ æй тугъд. Кæд сурхæфсæддонтæ тухгин нихкъуæрд лæвардтонцæ, уæддæр сæ багъудæй гъæу ниууадзун. Сурхæфсæддонтæй еу фæстегæй райзадæй æма ибæл фашисттæ аллирдигæй æртухстæнцæ, фезмæлæн ин нæбал адтæй, минуттæ нæ, секундтæ æй хецæн кодтонцæ мæлæтæй. Фал е разиндтæй хъæбæр æвзугъд биццеу. Гъæунги æ размæ фæцæй, раздæр бомбæ кæми æрхаудтæй, уæхæн арф къахт. Е фæстæмæ нæбал фæккастæй, цума ибæл знаги нæмуг исæмбалдæй, уотæ æхе марди æфсон дæлгоммæ ниггæлста уордæмæ, знæгтæ дæр æй мардбæл банимадтонцæ, фал сæбæл е ба хийнæй рацудæй. Исбурдæй билæмæ æма сæ æхсун байдæдта. Цалдæрей си фæццæф æма фæммард кодта, иннетæ сæхе раримахстонцæ. Е ба е 'мбæлтти фæдбæл ралигъдæй. Ка адтæй, кæцæй адтæй, уой абони дæр неке зонуй. Фал бæлвурд æй, е устур хуæрзеуæги аккæг ке адтæй, е.

Сурх-Дигорæ 1942 анзи декабри фæстаг бæнтти исуæгъдæ кæнунбæл архайдта капитан И. Диордицайи батальон. Диордица адтæй бæгъатæр командир, е 'фсæддонтæ 'й хонгæ дæр Чапай кодтонцæ. Æхуæдæг разæй, уотемæй батальон скæсæнæрдигæй бампурста гъæумæ. Фал знаги тухтæ берæ фулдæр адтæнцæ. Багъудæй сæ фæстæмæ раздæхун. Еци тугъди Диордица дууæ автоматæй æхсæгей хæццæ фæххецæн æнцæ, батальони фæдбæл рандæуни фадуат син нæбал фæцæй. Æма сæ уæд Сурх-Дигори скъолай ахургæнæг Дзабайти Лизæ æ хæдзари баримахста. Æртиккаг бон батальон нæуæг тухти хæццæ æрбампурста, немуц сæ нихмæ æрлæудтæнцæ. Уæд сæбæл Диордица æма е 'мбæлттæ фæстегæй автоматтæй ралæудтæнцæ. Сух-Дигорæ исуæгъдæ 'й фашисттæй. Уæлахези 25-аг бæрæгбонмæ Диордица Кишиневæй иссудæй Дзабайтæмæ. Етæ син синхбæсти хæццæ кувд искодтонцæ. Лизæн хъæбæр фæййарфитæ кодтонцæ æ бæгъатæрдзийнади туххæй.

37-аг æфсади хæйттæй кæд еуетæ тохгæ кодтонцæ, иннетæ ба хуæнхтæмæ байервазтæнцæ, уæддæр сæ уавæр адтæй хъæбæр лæгъуз. Нæбал сæмæ хъæрттæй тохæндзаумау æма хуæлцæ. Е ба уомæн уотæ адтæй, æма нæдтæ цæгат æма нигулæнæрдигæй адтæнцæ ахæст, æфцæгутæбæл ба зуймон æнцон цæуæн нæ адтæй. Уомæ гæсгæ æфсæддонтæ мингæйттæй æрвист æрцудæнцæ, автомобилтæ кæбæлти цудайуонцæ, уæхæн нæдтæ аразунмæ. Æма уæхæн над къæртгонд æрцудæй Уæллагкомæй Садонмæ дууæ къуæрей бонмæ. Æфсадæн устур агъаз бакодтонцæ бунæттон цæргутæ æма уобæлти Фæскавказæй цæун байдæдтонцæ хуæруйнаг æма тугъдон техникæ.

Æхе цæститæй ка нæ фæууидта, уонæй, æвæдзи, беретæй æруагæс дæр нæ бауодзæнæй, зуймон уазалти, хуæнхаг фудвадуæтти, Гъевони æфцæгбæл етæ ци гъезæмæрттæ бавзурстонцæ, е.

***2001 анз.***

1941 - 1945

***æртæ мини цæлхдори æма узуни, 23 километри телтæй горентæ, искъахтонцæ 20 километри танкити нихмæ тохгæнæн уæрмитæ. Федаргонд æрцудæнцæ Арвикоми æма Уæллагири коми нæдти гъæуай-кæнуйнадон бунæттæ. Уой хæццæ ба ма Дзæуæгигъæуи кустуæттæ уагътонцæ, фронти ахсгиагæй ка гъудæй, еци аллихузон продукци.***





# КÆСТÆРТÆ ДÆР ХЪИАМÆТГУН АДТÆНЦÆ...



**ПХАЛÆГАТИ Владимир,**
(1912-1993)

*Мæнæ дæлдæр ци уац мухур кæнæн, уой ниффинста Пхалæгати Владимир, е 1941-1945 æнзти куста фæскомцæдеси Цæгат Иристони обкоми фиццаг секретарæй.*

Мæ зæрди ес, нæ Советон Цæдесмæ немуцаг-фашистон æрдонгтæ гадзирахаттæй, нæ адæми райдзаст цардарæзт фехалуни фундвæндæй ку æрбалæбурдтонцæ, етæ нæ райгурæн зæнхæй фæссоруни хъиамæти гъуддæгути фронти дæр æма фæскъилдуни дæр нæ фæсевæд куд хъазауатонæй архайдтонцæ, еци устур намуси æма агъазиау æскъуæлхтдзийнæдти тухxæй радзорун. Уогæ еци хабæрттæ уойбæрцæбæл берæ æнцæ, æма сæ еугурей тухxæй еу нæ, фал цалдæр æрмæгеми дæр нæ бантæсдзæнæй лæмбунæгæй æрдзорун. Уомæ гæсгæ си æримисдзæнæн кæцидæрти.

Устур Фидибæстон тугъди фиццаг бæнттæй фæстæмæ республики фæскомцæдес, æ сæргъи облæстон парторганизаци, уотемæй райеудагъ кодта устур политикон куст. Фæскомцæдеси Цæгат Иристони обком 1941 анзи 25 июни фæдздзурдта республики фæскомдесонтæ æма æнæцæдесон фæсевæдмæ, цæмæй æнгомдæр æрбалæуузонцæ Сурх Æфсади фарсмæ, ци гæнæн æма мадзал ес, уомæй агъаз кæнонцæ немуцаг-фашистон æрбалæборгути ниддæрæн кæнуни еугур гъуддæгути дæр.

Фæскомцæдесон организацитæ аллирауæн дæр сæ куст райаразтонцæ тугъдон рæстæги домæнтæмæ гæсгæ. Колхозтæ æма совхозтæ, промышленнон кустуæттæ æма уæлдæр скъолати арæзт æрцудæй фæскомцæдесон æмбурдтæ. Мингай кизгуттæ æма лæхъуæнтæ курдиæттæ балæвардтонцæ æфсæддон комиссарадтæмæ фронтмæ рарветуни тухxæй. Уæхæн бархеуонти нимæдзæ 1941 анзи 23 июнæй 1 июлмæ исхъæрттæй 1697 адæймагей бæрцæмæ.

Фæсевæди тохмæ разæнгард кæнуни гъуддагæн устур агъаз фæцæй не 'мзæнхон, Советон Цæдеси Бæгъатæр Цоколати Геннадийи исцуд дæр. Æхсаргин тæхæг æргæлста фудголи 16 хуæдтæхæги. Фал хуæдæфсармæ тугъдон фæскомцæдесон æмбурдти дзурдта айдагъдæр е 'мбæлтти æскъуæлхтдзийнади тухxæй.

Устур Фидибæстон тугъди æнзти сæхе бæгъатæрæй æвдистонцæ æвзонг патриоттæ дæр. Æригон сгаргутæ бацæуиуонцæ знаги фæскъилдунмæ, нæхеуонтæн игъосун кодтонцæ немуцаг æфсæддон хæйттæ кæми æрлæуудтæнцæ, цæйбæрцæ 'нцæ, циуавæр тохæнгарз сæмæ ес, еци хабæрттæ.

Еууæхæни нæмæ фæскомцæдеси обкоммæ æрбацудæй цуппæрдæсанздзуд биццеу Фидарати Хъасболат, фæндæ æй адтæй сгарæг исун. Мах имæ фиццаг ракастан уазал цæстингасæй, аци фудхузтæ биццеу ци бакæндзæнæй, зæгъгæ. Фал биццеу нæ састæй. Æма 'й уæд рарвистан æфсæддон хаййи сгаргути къуармæ. Еу рæстæги Гизæлæй фæххабар кодта: «Ленини гъæунги уæхæн æма уæхæн хæдзари ес 11 немуцаг танки». Уоййадæбæл «тигр»-тæ сау пеллон арт исуагътонцæ. Æ бæгъатæрдзийнади тухxæй Фидарати Хъасболатæн лæвæрд æрцудæй майдан «Æхсари тухxæй».

Минкъий æскъуæлхтдзийнадæ нæ равдиста æртиндæсанздзуд гъæдгæройнаг биццеу Чъергиати Хазби дæр. Е бонигон е 'скъудтæ хъæппæлти рацо-бацо кодта гъæуи гъæунгти, базонидæ фашисттæ кæми æрбунат кодтонцæ, сæ тугъдон техникæ кæми æй, еци хабæрттæ. Æхсæвигон ба Хазбий амудмæ гæсгæ Гъæдгæрони сæрмæ фæззинниуонцæ нæ хуæдтæхгутæ æма бомбитæ æркалиуонцæ знагбæл.

Мадта ка нæ фегъуста Гасанти æнсувæртæ Ханафи æма Омарбийи кой. Чиколай комендант оккупаций рæстæг адæми донмæ скъардта æма сæ фæстæмæ æнæ донæй здахта. Æригон мастесгутæ рамардтонцæ фудгæнæги. Гасанти æнсувæрти ном абони дæр хæссуй Чиколай гъæунгтæй еу.

Хъазауатон куст цудæй знаги фæскъилдуммæ дæр. Ами гъудæй æригæнтти къохти тухæ æма зæрди цæхæр. Фæсевæд æрлæудтæнцæ хестæрти косæн бунæтти. «Алцидæр – фронтæн, алцидæр – уæлахезæн», уæхæн нисани хæццæ кустонцæ заводтæ æма фабрикти, колхозтæ æма совхозти.

Республики промышленнон кустуæтти æма гъæуuон хæдзаради арæзт æрцудæй 242 фæскомцæдесон – фæсевæдон бригади. Уонæй 135 бригади æнхæст кодтонцæ тугъдон заказтæ. Завод «Электроцинк»-и ци 12 фæскомцæдесон-фæсевæдон бригади адтæй, уоми фæскомцæдесонтæ Оберляндер æма Сальков кустонцæ сутки дæргъи 16-18 сахатти, Кочерян æма Евнютин ба цалдæргай суткитæ нæ рацæуиуонцæ кустуатæй. Бригади 'хсæн ерис парахатгæнæг адтæй фæскомцæдесон организаций секретарь Шуляев.

Вагæнттæцалцæггæнæн заводи фæскомцæдесонтæ Фелеш æма Федюкин сæ бони нормитæ æнхæст кодтонцæ 200-300 процентемæй.

Цæртти заводи фæскомцæдесон Сидунова уагъта фронтæн гъæугæ продукци æма æ бони ихæслæвæрд рахецæн кæнидæ æртæ хатти фулдæрæй.

Хъазауатон куст кодтонцæ Садони æрзæткъахæни æригон косгутæ дæр. Етæ хуарз лæдæрдтæнцæ, цинк æма здий алли тоннæ дæр ке æй устур агъаз уæлахези гъуддагæн.

Фæскомцæдесон-æрзæткъахæг Бæзойфурт æ пълан исæнхæст кодта 300-400 процентемæй, æ агъазгæнæг Хъайтмази-фуртæн дæр минкъий не 'нтæстæй, еу бонмæ искæнидæ дууæ-æртæ норми. Фæскомцæдесонтæ æнцад нæ бадтæнцæ уолæфуни бæнтти дæр, сæ мизд хастонцæ Сурх Æфсади хигъдмæ.

Тугъди æнзти бæстæн устур хуæрзти бацудæнцæ гъæуuон фæсевæд. Хæдзарæдти исаразтонцæ 107 фæскомцæдесон-фæсевæдон бригади, æфсадæн агъаз кодтонцæ гъæуuон хæдзарæдти продукций еугур хузтæй.

Æрхонки цæрæг комбайнер Жуков алли бон дæр мæнæуæ æркæрдидæ 25 гектари. Фæскомцæдесон организаций секретарь, цалцæггæнæг Павел Висяч æ ихæслæвæрд æнхæст кодта 350-400 процентемæй.

Хумæллæги МТС-и фæскомцæдесонтæ Коцойти Гагудз æма Æлбегати Таймураз тиллæг æфснайæнти фæсте смени дæргъи карстонцæ 6-8 гектари, артаг æма исæрдæн æрмæг ба фæстауæрцæ кодтонцæ 20-30 проценти.

1941 анзи 17 августи Орджоникидзей район Сурх Æфсадæн рарвиста 100 стори æма 20 тонни мæнæуæ. Уомæй уæлдай ма Сурх Æфсади хигъдмæ равардтонцæ æхца цалдæр мин соми.

Орджоникидзей кустуæтти Сурх Æфсадæн уагътонцæ тохæнгæрзтæ. Фронтæн балæвар кодтонцæ 114 мин гранати, 17000 миномети, 50000 мини, 164000 дзармадзани нæмуги. Вагæнттæцалцæггæнæн заводи ба исаразтонцæ бронепоезд «Владикавказец». Æдеугур кустуæттæ республики фæскомцæдесонти хъаурæй æрæмбурд кодтонцæ æма Сурх Æфсадæн рарвистонцæ 10000 хъæмай æма æхсаргарди, 747000 фæлусти гъар дзаумæуттæ.

1941 анзи августи мингай лæхъуæни æма кизги рацудæнцæ фæскомцæдесон зеумæ. Ци æхца бакустонцæ, уой равардтонцæ Сурх Æфсади хигъдмæ.

1941 анзи декабри фæскомцæдеси обкоми бюро хуарзбæл банимадта завод «Электроцинк»-и фæскомцæдесонти хъæппæрес. Етæ фæсседтæнцæ Цæгат Иристони фæсевæдмæ танкити колоннæ исаразуни тухxæй æхца æрæмбурд кæнуни тухxæй. Цубур æмгъудмæ фæскомцæдесон организацитæ æрæмбурд кодтонцæ æма паддзахадон банкмæ равардтонцæ 850 мин соми. Уой хæццæ 480 мин соми ба – тугъдон хуæдтæхгутæ исаразунæн.

Фæстæдæр ФЕЛКЦ-и Цæгат Иристони обком рарвиста тел И.В. Сталинмæ, цæмæй барæ радта хуæдтæхгути авиазвено «Цæгат Иристони фæскомцæдесон» исаразунæн æма 'й не 'мзæнхон, авиаций инæлар-майор Дзусати Ибрагими æфсæддон хаймæ раттунæн.

И.В. Сталин 1945 анзи 13 мартъий исæрвиста дзуапп: «Зæрдиаг салам æма арфи дзурдтæ зæгъетæ мæ номæй Цæгат Иристони фæскомцæдесонтæ æма фæсевæдæн. Сæ фæндæ æнхæстгонд æрцæудзæнæй – ци 480 мин соми æрæмбурд кодтонцæ, уонæй исараздзинан хуæдтæхгути звено «Цæгат Иристони фæскомцæдесон».

1941 анзи октябри институтти æма техникумти студенттæ, æригон косгутæ æма колхозонтæ аразун райдæдтонцæ Терки билтæбæл гъæуайкæнуйнадон ахедундзийнадæ кæмæн адтæй, уæхæн федæрттæ. Фæсевæд къахтонцæ акъоппитæ, аразтонцæ дзармадзантæ æма æндæр æхсæндзаумæуттæй пайда кæнунæн æдас бунæттæ. Арæзтадæ цудæй декабри мæйи, фал фæсевæд кустонцæ 10-12 сахæттæ. Салд зæнхæ къахгæй сæ бони ихæслæвæрдтæ хецæн кодтонцæ 150-200 процентемæй.

Уæлдай раппæлуйнагдæр фæллойнæ кодтонцæ фæскомцæдесонтæ Гутъиати Мити, Баскати Чермен, Бежати Гермæн, Цогойти Измаил, Будайти Астемур æма æндæртæ. Косгути нимæдзæ хъæрдтæй 17000 адæймагемæ.

1942 анзи 5 октябри ба фæсевæд рацудæнцæ Орджоникидзей алливарс акъоппитæ къахунмæ – уæд знаг æрбахæстæг æй Цæгат Кавкази арæнтæмæ. 5500 биццеу æма кизги еу адæймаги хузæн æрлæудтæнцæ еци кусти. Ами уæлдай хъæбæрдæр фескъуæлхтæй фæскомцæдесон Хутъинати Махарбег, «экскаватор», зæгъгæ, дæр æй дзæгъæли хумæтæги нæ худтонцæ. Хутъинай-фурт еу бонмæ æнхæст кодта цуппар норми.

Устур Фидибæстон тугъд иссæй карз фæлварæн советон паддзахадæн, советон адæмæн. Е ирдæй равдиста нæ фæсевæди хъаурæ, æ уоди æвæрæнтæ, Уæлахезмæ æ турнундзийнадæ.

1941 - 1945

***ЦИРИХАТИ Михал (1919-1998), поэт: «Нæ Фидибæстæмæ гадзирахаттæй æрбалæбораг знагбæл фæуужлахез унæн гъудæй алцидæр: хуæцæнгæрзтæ æма хуайраг, лæгдзийнадæ æма æхсарæ, уоди федардзийнадæ æма Райгурæн бæстæбæл æновуддзийнадæ. Гъудæй фæдеци æма тохи зар. Æма еци, адæми нифсгунгæнæг нæргæ зар ба исфæлдистонцæ нæ финсгутæ...»***



# КАВКАЗИ СÆРБÆЛТАУ



**Илья ЭРЕНБУРГ,**
(1891-1967)
финсæг.

***Цæгат Иристони зæнхæбæл немуцаг-фашистон æрдонгити нихмæ тугъдтити рæстæг ами сæ тугъдон æма исфæлдистадон ихæстæ удуæлдайæй æнхæст кодтонцæ зундгонд советон финсгутæй беретæ: Илья Эренбург, Константин Симонов, Петр Павленко... Уæди цаути тухæй ци æрмæгутæ ниффинстонцæ, уонæй кæцидæрти хæццæ нæ газеткæсгути амæй размæ дæр зонгæ кодтан нæ газети фæрстæбæл. Абони ба мухур кæнæн Илья Эренбурги уацтæй еу.***

Кавказ – дзиллити авдæнæ. Рагæйæрæгæмæ дæр æ рæсугъддзийнадæй деси æфтауй адæми. Таурæхъмæ гæсгæ хъиамæти фæсте Нойи бæлæгъ Араратбæл æрлæудтæй. Кавкази къæдзæхтæй еуебæл федар рæхистæй баст æрцудæй, хуцæуттæй зинг ка радавта, еци Прометей. Кавказ – æмбесонди бæстæ; кæдзос си æй уæлдæф, кæдзос си æй уарзондзийнадæ; мегътæ фонси дзогти хузæн æрæхсæвеуат кæнунцæ фиййауи дæлфæдтæмæ, хуæнхаг æхсæрдзæнтæ æвæллайгæй зарунцæ царди æносондзийнадæбæл; сæумæраги игъусуй еунæг бæхгини сонт æстуф.

Уруссаг поэзи Пушкин æма Лермонтовæй ба Маяковский æма Тихонови уæнгæ хумæтæги нæ агурдта уæлтæмæн Кавкази хуæнхти. Метсæр хуæнхтæ айдагъ сæ федауцæй нæ сайдтонцæ сæхемæ Цæгати бæдæлтти: Кавказ адтæй ковæндони хузæн кæдзос, кадæ æма намуси бæстæ. Уæхæн æй абони дæр. «Нæхе Кавкази сæрбæлтау, нæ сæребари сæрбæлтау!..» – уæхæн нифсгун разæнгарддзийнади хæццæ абони уруссæгтæ æма украинæгтæ знагæй гъæуай кæнунцæ Терки билгæрæнттæ. Кавкази бæдæлттæ ба тох кæнунцæ Сталингради æма Мурманскi. Фæууинæн син ес Ленингради бунмæ æма Старая Руссайи рази. Ленинградмæ бацæуæн нæдтæ гъæуай кодта Николай Джиния. Мæлгæмæлун е кастæй фæлорс цæгатаг арвмæ æма ин еци арв æхе Гурдзистони арви хузæн иссæй хеоун. Гогашвили Клахо рамардта дæс немуцаги. Е сæрустурæй загъта:

– Сталингради фарсмæ æз Гурдзистон гъæуай кæнун. Цалинмæ мæ цæстæ æрттева, цалинмæ ме 'уæнгти тог цæуа, уæдмæ нæ ниууадздзæнæн мæ тох...

Старая Руссайи бунмæ немуци дæрæн кæнуй рæстзæрдæ артиллерист Георги Елизашвили. Ржевмæ хæстæг гвардий инæлар-майор Чанчибадзе равардта цубур бардзурд: «Мæрдти байвæретæ, цæфти фронти къилдунмæ рарвететæ, иннетæ – размæ!..»

Дæс æма авдинсæй немуцаги ниццагъта сæрустур Иристони бæгъатæр фурт Милдзихи-фурт. Нæ бæсти кæци кизгæ нæ уодзæнæй уомæй арфиаг!.. Капитан Хъазий-фурт немуци дæрæн кодта Варшави алфамбулай 1915 анзи, 1918 анзи ба – Режицæмæ хæстæг. Нур ирон лæхъуæн Хъазий-фурт нæуæгæй тохуй немуци нихмæ. Æ нæмгутæ тæхунцæ æ нифсæйдзаг зæрди рæбунæй.

Абдула Сефербиенов фронтмæ ку æрбахъæрдтæй, уæд загъта:

– Дагестайнæгтæ тохæнгарз уарзунцæ, æхсунмæ си хуарз арæхсунцæ. Нури уæнгæ æз гъæддаг хутæбæл цауæн кодтон, нур ба, Хуцауæй уин ард хуæрун, немуцаг сирдтæбæл цауæн кæндзæнæн...

Дагестайнаг тугъдон æ дзурдæн хецау æй. Раст еци бон Абдула Сефербенов æвддæс немуцаги рамардта. Магомед Жамалдин карз адæймаг адтæй, цонгæй ба – федар. Пулеметæй берæ финнти ниццагъта.

Е 'мбæлттæ медбилти ходгæй сæрустурæй фæззæгъунцæ:

– Нæхе Магометбæл нæ зæрдæ дарæн!..

Сержант Мусса Мамедов зæгъуй:

– Хъæбæр дзæбæх цардан, алцидæр нæмæ адтæй. Мæ хестæр æнсувæр Александрæй устур лæг рауадæй. Финстæг мæмæ æрбарвиста: «Муссæ, немуцбæл ма ауæрдæ!..» Баруагæс уи уæд, Бакумæ сæ кæд хъæбæр фæндуй, уæддæр имæ нæ бахъæртдзæнæнцæ!.. Дууæ бони цауæн кодтон. Æхсæз фрици бал рамардтон, никкидæр ма си рамардзæнæн...

Сталингради бунмæ Азербайджани аккаг фурт Багуслан Абасов ниццагъта дæс æма æртинсæй немуцаги. Уæрæсей цæгатварс Балейда Мамедов нимад æй хуæздæр гъавæгбæл, æ фæрци дзармадзан æзнагмæ арæзт ку æрцæуй, уæд уомæн еуварс раледзуни мадзал нæбал фæууй. Е ард бахуардта, е 'мбал Чихалийи æма æ Райгурæн бæсти маст фашисттæй ке райсдзæнæй, уомæй.

Сомехаг бæдолæ, хуæрзконд, сауцæстæ сержант Акопян фæммард æй бæгъатæрæй. Хестæр лейтенант Васильевбæл немуц æртухстæнцæ, уой ку фæууидта, уæд Акопян æзнæгтæбæл æхе ниццавта. Рамардта си æхсæрдæс. Уæззау цæфæй хустæй Смоленскмæ хæстæг талингæ азгъунсти. Еуафони æхе ку æрлæдæрдтæй, уæд тæккæ фиццагидæр рафарста: «Васильев æгас æй?..»

Мæздæгмæ хæстæг Аманат Айрапетян тохи будурæй рахаста 250 цæф тугъдони. Сомехаг тугъдонæн арфитæ кæнунцæ, ке фæййервæзун кодта, уони урайлаг æма сибийраг мадтæлтæ.

Кавказ фæййагъаз кæнунмæ фæззиндтæй Цæгатмæ, æма нур æнæгъæнæ Уæрæсемæ ардбахуæрди хузи дзоруй: «Æзнаги къохмæ ма раттæн нæ сæрустур нифс – Кавказ!..»

Ка гъавуй Кавкази хуæнхтæмæ? Нецæййаг фрицтæ, цал хæдзари басугътонцæ, цал кизгемæй фæггириз кодтонцæ, уони æ финсæн киунугути сæрустурæй ка бæрæг кæнуй, еци æцæгæй гъæддаг адæм. Цуппæрдегъон сæртæ æма кæсалги цæститæ кæмæн ес, еци пигмейтæ, æнæфсес къалбасхуартæ... Уотемæй ба сæхе дуйней хецæуттæ хонунцæ. Нæ, Кавказ фрицти некæд уодзæнæй!.. Хуæнхаг хæдзари фарнæ дæлæмæдзуд къалбасхуарти некæд бауодзæнæй!.. Хуæнхаг дзенет, дзæгъæлхæтæ фрицтæн æвгъау æй!..

Кавказ гъæуайгæнгутæ, уæ къохти айдагъ нефть, айдагъ хумзæнхитæ нæ 'нцæ – уæ къохти æй сæребарæ зæнхæ. Сумах фрицтæн раребæд кæндзинайтæ сæ зудæ дзæмбутæ. Кавкази сæрбæлтау!..

Райгурæн бæсти сæрбæлтау!..

Сæребари сæрбæлтау!..

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

Æ РАФИНСУНИ АРГЪ 2023 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН ÆЙ 344 СОМИ 52 КЪАПЕККИ. (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 305 СОМИ 64 КЪАПЕККИ)

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР

Дигорæ

Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.

Газет исаразæг æма уадзæг: РЦИ-Алани мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

Редакций адрес: 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
E-mail: gazeta-digora@inbox.ru.
Нæ газети сайт: http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службæ Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апрели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.
Рафинсуни индекс: 73946.
Тираж 900. Заказ № 55.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 13.01.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 13.01.2023.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций арæзийнæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финсæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ нæ 'рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.